

Date : November 11, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0957

Tit Pwogram Nan : Ebre 4:9-13

Se tout yon plezi pou nou rankontre jodia a ankò nan etid bibliik Atravè Labib. Pasaj nou se Ebre 4:9-13.

Annou kòmanse ak lapriyè.

Mèsi Senyè pou bonte Ou, gras ak mizerikòd Ou. Mèsi pou jounen jodia a, pou lavi ou bannou, pou fason Ou te pwoteje nou, pwoteje nou kont sa nou wè ak sa nou pa wè sa nou konnen ak sa nou pa konnen. Nou konnen pou sèten Senyè, se grenmesi mizerikòd Ou ki fè nou la. Ti chante a di se pa anyen n' fè pou sa e ni n' pa t' ka fè anyen pou sa. Lajan, renome, konesans ou nenpòt nan tout sa nou konsidere yo pa ka ajoute menm yon trè cheve anplis nan tèt nou ale wè yon segond anplis sou lavi nou. Donk nou rekonèt se pa nou men se Ou, e se pou sa n'ap di w' mèsi. Sepou sa n'ap envite w' reye an mèt nan lavi nou e nan etid jodia. Ke tou sa ki va fèt, tou sa ki va di kapab tankou yon siy rekonesans, yon siy adorasyon, e yon siy soumisyon ak depanndan total. Se nan non Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W', amèn.

Ou byenvini nan etid la pou jounen an, nou nan Ebre chapit 4:9-13.

Ebre 4 :9 *Jan sa ye a, gen yon repo ankò pou pèp Bondye a, yon repo tankou repo Bondye te pran setyèm jou a.*

Isit la otè a ap fè pwojeksyon sou jou k'ap vini yo lè tout pèp Bondye yo va antre nan repo selès la. Syèl la va yon plas satisfaksyon pwofon, yon jwa, e yon benediksyon otantik. " *Jan sa ye a, gen yon repo ankò pou pèp Bondye a.* "

Ebre 4 :10 *Paske, moun ki antre kote pou yo poze kò yo ansanm ak Bondye a, se moun ki fin fè travay yo, menm jan Bondye te poze apre li te fin fè travay li.*

Atò m' pa vle w'al panse lè yo di Bondye te repoze sou setyèm jou a sa vle di L' t'al lage kòl sou yon chèz epi di: " Ooo, ala M' fatigue, ren M' ap kase! M' gen sis jou M'ap travay tout lajounen, depi bajou kase jouk sòlèy kouche, M' pa kapab ankò kite m'al lage kò M' sou divan an la pou m' pran yon ti repo! Enben zanmi se pa nan sans sa yo itilize mo repo a isit la ditou. Lide a nan mo repo a se "konplè", yon bagay ki fini. Rive sou setyèm jou a se fini, Bondye pa gen anyen ankò L' te bezwen fè ou ajoute nan kreyasyon an. Depi lè sa a Bondye pa nan kesyon kreye ankò. Te gen yon kantite atòm byen detèmine Bondye te bezwen pou linivè Li a, Li te fè yo tout yon kou. Li pa janm gen pou L' kreye atòm ankò. Evidamman, antretan, gen bon kantite levenman ki pase nan linivè a men se pa t' yon "kreyasyon", tankou si pa t' gen kèk atòm ki te la o kòmansman e ki vin ajoute answit, men pito yon senp reyaranjman atòm ki te toujou la yo.

Linivè kote mwen mwen menm avè m' n'ap viv la pa kontinye ap kreye, sof pou nouvo kreyasyon an. Nouvo Kreyasyon sa a te kòmansè laba sou bwa kalvè a e nan jou Lapnknòt la. II Korent 5:17 di: " *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye a.* " Sèl bagay nèt Bondye ap kreye nan jou nou yo se "pitit Bondye", pitit ke L'ap kreye pa lafwa nan Jezikri. E L' pwomèt yo yon repo. Se vre Bondye pwomèt nou yon repo selès, men se depi jodia menm, sou latè Bondye anvè nou "enjoy" nou. Tankou

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

gen yon moun ki te di: "Wout ki mennen nan syèl la an li menm se deja syèl." Nou bezwen jwi lavi sa a. Se sou sa otè a ap pale isit la lè l' di: " *Bondye te poze apre li te fin fè travay li.*" Pakonsekan, ou pa gen bezwen ou ankò gen nesesite leve ti dwèt ou ajoute anyen sou delivrans ou. Eske anfèt se pa derespektan pou w' ta panse ou menm avè m, vye pechè ke nou ye, ka rive fè yon bagay ki tèlman bon ke Bondye ta blije di: "Ooo, ala yon bon ti gason, ala yon ti fi fidèl papa! Se pa ti kontan M' pa kontan gen w' avè M' nan syèl la pou jan w' pral itil nou!... Oo non, zanmi se pa konsa bagay la ye. Se Bondye ki te fè tou sa k' te gen pou fèt pou nou. Menm ti jefò dwati nou yo se tankou rad sal, vye peny sire devan je Bondye. Bondye pa ka asepte jistis oubyen dwati nou paske anfèt nou pa posede bagay konsa. Women 3:10 di e konfime: " *Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn.*" Kifè Bondye te oblije ofri nou yon sali konplè, yon sali fètéfouni konsa lè nou asepte Kris, nou vin tounen yon nouvo kreyati nan Li.

Ebre 4 :11 *Ann fè jefò pou nou tout ka antre kote sa a. Se pa pou okenn nan nou dezobeyi Bondye tankou moun sa yo ki te la anvan nou te fè l' la, pou nou pa pèdi chans antre kote sa a.*

M' panse pi gwo satisfaksyon yon kretyen ka genyen se konnen l'ap viv nan volonte Bondye, l'ap fè travay Bondye, e kwè e jis repoze nan Li. Se nan plas gloriye sa a Bondye ta renmen nou rive. Mari te rive nan plas sa. Li te chwazi chita nan pye Senyè Jezi tandiske Mat t'ap sakaje kò l' nan kizin nan ak chòdyè ak kiyè bwa yo. Pou di vre se pa t' yon mank enterè, Mat te byen vle sèvi Kris, men sepandan li jis pa t' konnen sa vrè repo a te ye. Petèt li t'ap panse fòk li ta prepare yon ti manje byen gou pou envite l' yo. Men lè a ap avanse, pwa a rèd li poko vle kit, yon grès cho ap fè lafimen, yon diri ap tonbe sou dife, chòdyè sa twò piti, li lonje men l' pran yon pi gwo... ous li sot tonbe nan men l'. Ala pay pou Mat ak travay yo nan kizin nan! E sa te twòp pou li, finalman

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

l' eksploze se pa posib pou Mari pa vin ede l' e chita san fè anyen konsa nan pye Jezi! Men Mari, zanmi te deja fin fè travay li. Nou bezwen aprann jwenn satisfaksyon nan chita nan pye Jezi.

Vèsè 11 la di: " *Ann fè jefò pou nou tout ka antre kote sa a.*" Petèt yon moun a mande: "Eske gen kèk travay m' bezwen fè pou m' antre nan repo a?" Repons la se wi. Se tankou istwa ekosè sa a ki te di l' bezwen gen lapè lakay li menm si l' ta gen pou l' goumen pou sa. Goumen pou lapè? Sètènman. Eske m' ka raple w' ke w' dwe fin genyen batay la anvan gen lapè. Fòk gen laviktwa anvan gen lapè. Donk otè a di: " *Ann fè jefò pou nou tout ka antre kote sa a.*" Ki vle di "ann travay pou nou ka repoze." Apre tou eske se pa satisfèzan pou w' chita nan aswè obsève rezilta travay ou kòm elèv yon bèl kanè apre yon ane skolè? O zanmi ala nou bezwen kenbe pye Bondye nan jou nou yo! Kenbe pye Bondye nan lapriyè, nan lafwa, e kite L' sèvi ak Nou. O zanmi kreyen mwen yo annou travay annou fè jefò pou n' atenn objektif sa a.

"*Se pa pou okenn nan nou dezobeyi Bondye tankou moun sa yo ki te la anvan nou te fè l' la...*" Sèl bagay nan lemonn ki ka apeche w' jwi repo sa a se enkredilite. Dr. McGee di depi lè m' fin pran retrèt mwen nan ministè pastoral la m' toujou ap lapriyè Bondye pou m' mande L': "Souple Papa, ede m' fè W' konfyans!" Dr. McGee kontinye pou di: M' fè karantan ap sèvi kòm pastè e lè m' fè yon koudèy an aryè, franchman, m' regrèt m' pa t' fè L' plis konfyans. Byen souvan m' te konn enkyè e enkredil. Kifè jodia m' tou senpleman vle kadre sou chèz mwen e kwè nan Li. Ala Bondye mèvèye! Li merite nou fè L' konfyans.

Ebre 4 :12 *Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Vèsè 12 la kòmanse avèk mo: "Pawòl Bondye a." Gen kèk teolojyen ki panse mo "Pawòl" la isit la pap pale so pawòl ekri a men pito Pawòl vivan an ki se Senyè Jezi. Men remake, Bib la rele pawòl ekri a pawòl vivan an tou. Donk dapre mwen se sou pawòl ekri a premyèman y'ap fè referans isit la. Men kòm Pawòl la revele Kris, li tankou yon estrikti ki revele Kris vivan an, referans lan isit ka aplike ni pou Pawòl ekri a ni pou Pawòl Vivan an.

"Pawòl Bondye a gen lavi." Pawòl Bondye a se pa yon ti pawòl mouri, yon ti pawòl konsa konsa men yon pawòl vivan.

" ... *Li gen pouvwa.*" Mo Grèk la isit la se "enèji" sa vle di ki gen akivitite. Donk pawòl la vivan e l' an aktivite.

" *Li pi file pase kouto de bò.*" M' te gen yon pwofesè nan seminè ki te di yon gwoup nan nou jwenn predikatè: " Pa bliye lè w'ap preche Pawòl Bondye se vre l' rapid epi l' file men l' se yon kouto de bò. Yon bò va koupe nan direksyon kongregasyon an lòt bò a va koupe nan pwòp direksyon w'. Kifè pa preche anyen ke w' pap preche tèt ou an premye." Anpil fwa m' jwenn se pwòp tèt mwen m'ap preche avèk mesaj mwen yo. Ka pa gen okenn lòt moun ki benifisyè nan mesaj la men mwen menm m' jwenn.

Gen yon zanmi ki renmen fè plezantri avè m' sou pwodiksyon etib bibliik radyofonik sa yo. Li di: "Apa ou sa, ou chita nan estidyo w' ap pale ak pwòp tèt ou." Onètman anpil fwa se konsa sa pase vre lè m' chita nan estidyo ap prezante etid yo. Se ak tèt mwen m'ap pale. Sa m'ap di yo ka pa aplike pou okenn nan nou nan odyans lan men sètènman, li aplike pou mwen. Pawòl Bondye a se kouto de bò. L'ap koupe nan direksyon zanmi ki anfas ou a, men l'ap koupe sou bò pa w' ak sou bò pa m' nan tou. Pawòl Bondye a se yon konte file de bò e l' pap manke pa filange nou.

Apot Pòl te ekri Tesalonisyen yo nan I Tesalonisyen 2:13: "*Se konsa, mwen pa sispann di Bondye mèsi tou pou jan nou te pare zòrèy nou koute lè m' t'ap fè nou konnen pawòl Bondye a. Nou te resevwa l' pou sa l' ye a: pou pawòl Bondye, pa pou pawòl lèzòm. Se pawòl sa a k'ap travay nan kè nou, nou menm ki gen konfyans nan Bondye.*" Tesalonisyen yo te resevwa Pawòl la non kòm yon senp pawòl òdinè ou pawòl lòm, men kòm Pawòl Bondye menm. Konsènan predikasyon Pawòl Bondye a, apot Pòl konfime nan II Korent 2:4: "*Lè m' te fè nou konnen tout bagay sa yo, lè m' te anonse nou nouvel la, se pa t' avèk bèl pawòl bon konprann lèzòm mwen t'ap chache pran tèt nou. Men, se te avèk pouvwa Lespri Bondye a ki t'ap bay tout prèv pou fè nou kwè.*" Nou resevwa lèt plizyè oditè ki koute etid bibliik radyofonik sa yo, oditè ki pa mwayen etid sa yo te rive nan konesans Kris pou sali yo, ki te rive nan plas kote y'ap jwi lafwa kretyèn yo, e ki te rive nan plas kote kounyea yo pran plezi nan lapriyè. Se objektif pawòl Bondye a sa, l'ap fè efè nan ou e nan lavi ou.

Gen yon ti pawoli ki di: "*Se swa Pawòl Bondye a ap fè w' rete lwen peche, oswa peche fè w' rete lwen Pawòl Bondye a.*" Malerezman gen twòp kretyen jodia ki pa pase ase tan nan lèkti Pawòl la. Gen twòp pastè ki pa pase ase tan nan lèkti Pawòl la. Pi gran disiplin yon pastè ka bay tèt li se pakouri Bib la liv pa liv avèk asanble l'ap dirije a. Sa se yon disiplin ki menm si l' pa ta rive itil asanble a, (alò nou di mem si, sipozisyon, paske anfèt nou sèten l'ap itil li kanmen, men penmèt nou di sa konsa) menm si disiplin sa a pa ta rive itil asanble a, se sèten l'a itil pastè a li menm. Dr. McGee di nan chak legliz m' ta pase kòm pastè, m' te toujou bay tèt mwen devwa etidye tout liv yo nan Bib la avèk asanble a. E sa te ede m' anpil, li te bon pou mwen. "*Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò.*"

Rès vèsè kontinye pou di: "*Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn...*" Gen anpil moun k'ap chache mete yon

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

distenksyon ant nanm ak lespri, k'ap chache jwenn yon divizyon sikolojik entelijan antre yo. Men eske w' te konnen se sèl Pawòl Bondye ki ka jwenn kote nanm ak lespri moun kontre? Ti mwen menm avè w' pa ka fè bagay konsa. Lè m' kòmanse pale sou sijè nanm lòm e fason Bondye Papa a bannou Lespri Sen an, lamem m' rann kont ke m' pa rive fè disktenksyon ant nanm ak lespri, se sèl Bondye ki ka fè sa. W'a jwenn gen kèk kote nan Bib la kote yo itilize nanm ak lespri pou menm bagay. Se sèl Pawòl Bondye ki ka divize nanm ak lespri.

"Jouk kote vyann ak mwèl zo kontre." Pawòl Bondye a ka desann byen fon menm nan nannan kò lachè nou an pou fè yon separasyon (nou ka li Sòm 32:3 kòm referans).

"Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun." Mo Grèk yo tradwi pa "jije" la a se yon mo ki vle di kritik. Jodia gen tout kalite kritik, swadizan entèlèktyèl k'ap bay opinyon yo sou Pawòl Bondye a. Tandiske anfèt vrè Kritik la sa Labib. Pawòl la kritike w'. Li kritike m'. Pèsonn pa nan pozisyon pou jije ou kritik Pawòl Bondye. Gen plizyè rezon pou sa e yonn nan yo se paske pa gen okenn lòt liv sou latè beni tankou Labib. Gen anviwon karann senk otè diferan, avèk anpil nan yo ki pa t' menm konnen lòt la egziste, ki te pran yon peryòd mil senksan lanne pou ekri Bib la. Poutan sa y'ap ekri yo tout tonbe daplon. You tout prezante yon sali gloriye. Eske m' ka di w', pèsonn pa ka pran pozisyon pou jije yon liv si remakab?

Dr. McGee di yon lè, m' te gen posiblite koute yon save ekstrèmmman remakab sou zèv Shakespear yo. Gen anpil entèlèktyèl ki pa enb, men savan sa a te trè enb. Lè l' te fini ak prezantasyon an li di: "Jodia m' te eseye prezante w' yon kritik sou Shakespear, men m' ta renmen presize kounyea ke m' pa nan okenn pozisyon pou m' fè yon jijman sou li." Fòk se yon moun enb ki pou ta repete yon tèl pawòl. Menmjan an tou zanmi,

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

m' ta renmen parafraze savan sa a pou m' di: " Se vre m'ap eseye fè yon prezantasyon Bib la atravè seri etib bibliik sa yo men onètman m' nan okenn pozisyon pou m' ta jije ou kritike Pawòl Bondye." Poutan yon lòt bò se Bib la, sètènman, ki jij nou. Pa gen lòt bagay pase peche jodia ki anpeche lòm vin jwenn Kris. Sa pa pèt yon pwoblèm entèlèktyèl tankou anpil moun pretann li a, men se yon pwoblèm kè ki anpeche lòm vin jwenn Bondye.

"Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun." Donk ou wè, bib la pa kòmanse jije apati aksyon yon moun. Paske se pa konsa w' rete w' fè yon bagay, se kè a ki detèmine aksyon men a. Kè a te deja pran aksyon men an menm anvan l' te rive nan men an. Kifè Pawòl Bondye a desann pran bagay la nan rasin, l'al regle koze peche a nan sous pwoblèm nan ki se kè a. Senyè Jezi deklare nan Matye 15:19: *"Se nan kè l' tout move lide soti, lide touye moun, lide fè adiltè ak tout lòt bagay ki pa dakò ak volonte Bondye tankou lide vòlò, lide fè manti sou moun, lide bay manti."* Ala yon lis degoutan, papa!" Se bagay sal tou sèl Senyè a site la, pa vre? Men se egzakteman sa, zanmi, ki nan kè lèzòm. Jeremi 17:9 di: *"Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase sa ki nan kè lòt moun. Pa gen renmèd pou sa. Ki moun ki ka rive konprann sa k'ap pase nan kè lèzòm?"* Pa gen moun ki ka rive konprann li, men Bondye kapab. Pawòl Bondye a desann e adrese tout ti detay menm sa ki pi ensiyifan ou pi repiyen yo nan kè nou. Li desann e rankontre nou egzakteman kote nou ye a, kote w ye la kounyea menm, kote n'ap viv e regle zafè nou yo.

Ebre 4 :13 *Anyen pa kapab kache pou Bondye. Tout bagay nan kreyasyon Bondye a aklè konsa devan je l', san anyen pa kouvri yo. Nou menm tou, nou gen pou nou rann li kont pou tou sa nou fè.*

Ou pa ka kache Bondye anyen. Bondye pa jwe kachkach manba sere li ben. Dr. McGee lè m' te jenn gason m' te fè tèt mwen

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

ilizyon panse m' pa t'ap kite Bondye antre nan tout ti detay nan lavi m' ou nan plan mwen genyen yo. M' te konn lapriyè mande L' ban m' kèk bagay ou fè kè lòt bagay pou mwen san m' pa kite l' konnen motif mwen yo. M' t'ap panse siman lapriyè a t'a sonnen pi byen nan fason sa a. Men pou di vre, m' pa t' menm bezwen endike L' motif mwen yo paske L' te deja toujou konnen yo. Li se moun sa a ki konnen sekrè kache ki nan kè nou yo e tout bagay toujou gran louvri devan L'. Zanmi ou ka pa realize sa men lavi w' se yon liv gran louvri devan Bondye. Pafwa gen moun ki mande m' : "Eske w' panse m' ta dwe konfese Bondye tout bagay." " E, poukwa pa?" Li deja konnen tout bagay, donk pito w' tou reziye w' pale avè L' tou kare. Di L' bagay la jan l' ye a.

Epi konsa, zanmi nou rive nan fen etid nou pou jounen an. Se te yon plezi pou nou te pase moman sa ansanm nan etid Pawòl Bondye a. N'ap mande pou Bondye ka kontinye pwoteje w' e beni w' an abondans!